




JWENN KONSÈY SANTE




CARE THE PEOPLE

Jwenn Konsèy Sante atravè Swen Prensipal la

Avèk nouvo Sant Konsèy Enfimye nou an, ou kapab kounye a jwenn konsèy sou sante nan tout sant swen prensipal CHA yo, ki gen ladann sit pedyatri* yo. Si w gen kesyon sante, ou ka pale ak yon enfimye swen prensipal CHA, pafwa san yo pa menm raple yo.

Si w malad oswa si w gen kesyon sou sante w, rele [sant swen prensipal](#) ou a pou w jwenn repons. Pou bezwen ki pa ijan, ou ka toujou voye yon mesaj pou nou [MyCHART](#). Sant Konsèy Enfimye nou an ap ede w ak mesaj sa yo tou!

**Cha Zinberg Klinik la se sèl sit swen prensipal ki pa kapab kounye a jwenn aksè nan Sant Konsèy Enfimye a.*



Fwa Resous Kominotè



Se sezon tik

Rejwenn nou nan Malden samdi 9 septanm 2023 apati 2 zè pou rive 5è PM pou yon evènman an fanmi. Chèche konnen ki jan ou ka amelyore sante w pandan w ap pwofite mizik, jwèt, penti figi timoun yo ak plis ankò - epi chache kamyon krèm glase la!

Jwenn enfòmasyon ki itil sou pwogram kominote lokal yo tankou lojman, manje, ak resous imigrasyon, ki gen ladan anpil sèvis GRATIS. Tanpri pataje evènman sa a ak zanmi w ak fanmi w!

[Li plis isit la](#)



Trafik pandan ete a

Ou ka remake plis trafik pandan ekip yo ap travay sou repare Tinèl Sumner a ak lòt wout. Lè w ale nan sant swen prensipal nou yo ak lopital yo sa ap pran plis tan. Bay tèt ou plis tan pou vwayaje anvan pwochen randevou w la. Si w an reta, tanpri rele doktè w la.

Si w konte sou Green Cabs oswa yon aplikasyon woulib pataje, tanpri rezève trajè a yon demi èdtan pi bonè pase ou fè l nòmalman. Epi, konsidere lòt fason pou rive kote ou bezwen ale tankou lè w sèvi ak transpò piblik oswa monte bisiklèt.

BELIEVE IN WHERE YOU WORK



CARE THE PEOPLE



Kwè nan Kote W ap Travay la



Pasyan yo profite bonjan atansyon ak swen yo jwenn nan men Asistan Enfimye ki Sètifye (CNA) lè yo admèt yo nan youn nan lopital CHA yo. Epi CNA yo ede tout ekip swen an. Gade videyo sa a pou dekouvri ki sa [CNA, CHA ye](#). Nou ta renmen fè ou rantre nan ekip nou an.

[Klike la a pou pwochen travay ou](#)



CARE THE PEOPLE